

ASESMEN ONLINE

Kelas : VI (Enam)

: Bahasa Jawa

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a,b,c, utawa d minangka wangsulan sing paling bener!

Wacanen teks ing ngisor iki kanggo soal nomer 1 – 2!

Saiki jamane wis maju. Samubarang gawe wis nggunakake piranti sing sarwa modheren. Kabeh ngarani iki jaman globalisasi. Globalisasi asal saka tembung “globe”, ‘bola dunia’ banjur dadi global, sing tegese mendunia. Globalisasi iku donya kaya tanpa wates, amarga saka majune ilmu pengetahuan lan teknologi, mligine teknologi informasi. Dampak positif globalisasi yaiku masyarakat tansaya maju, komunikasi tansaya gampang, anane pasar global. Globalisasi uga duwe dampak negatif, mulane kita kudu bisa nyaring pangaribawa saka manca negara serta kudu nglestariake budaya bangsa. Cara ngadepi globalisasi yaiku kudu sregep sinau lan golek informasi supaya ora ketinggalan.

- ### 1. Apa tegese globalisasi?

Ukara kang mathuk kanggo wangsuli pitakon kasebut yaiku....

- a. bola dunia b. mendunia c. dunia d. bumi

2. Kepriye carane nolak dampak negatif globalisasi?

Ukara kang mathuk kanggo wangsuli pitakon kasebut yaiku....

- kudu nglestariake budaya negara liya
- kudu sinau kang sregep
- golek informasi supaya ora ketinggalan
- kita kudu bisa nyaring pangaribawa saka manca negara

3. Cebloke mengisor...ing dhuwur

Ukara kang mathuk kanggo njangkepi cangkriman wacahan kasebut yaiku....

- a. sing didelok b. sing disawang c. sing digoleki d. sing diwaca

4. Wong dodol sate dibakari. Batangane cangkriman plesetan kasebut yaiku....

- a. sing dibakar wonge
b. sing dibakar satene
c. ana wong mbakar sate
d. ana wong tuku sate

5. Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung. Dawa kaya ula. Pencakaoanmu wesi miring. Yen lumaku si pucung ngumbar swara.

Batangane tembang pucung kasebut yaiku....

- a. gajah b. prau c. sepur d. gunting

6. Cangkringan kang duwe batangan “wong mikul areng” yaiku....

- lampu apa nek dipecah metu uwonge?
- ngarep ireng, mburi ireng, sing tengah metheteng, iku apa?
- ana gajah numpak wit, kira-kira kethok apane?
- ana kapal disawat watu bisa kelem, kira-kira gedhe apane?

7. Nuwun para pinesepuh ingkang satuhu luhuring kawruh, Bapak Kepala Desa sapamongipun ingkang satuhu kinormatan.

Bagian sesorah ing dhuwur diarani....

- a. purwaka b. pangarep-arep c. wigati d. panutup

8. Ing ngisor iki kang kalebu tema pidato ora resmi yaiku....

- a. perpisahan b. kamardikan c. ulang taun d. narkoba

Wacanen sesorah ing ngisor iki kanggo soal nomer 9!

Bapak ibu ingkang dhahat kinurmatan, kita sedaya kempal sesarengan wonten ing panti asuhan punika boten sanes supados kita nggadhahi masa depan. ingkang sae. Pramila kita kedah kanthi tunemen ngangsu **kaweruh** ilmu pengetahuan lan ketrampilan saengga ing mangke saget gesang mandhireng pribadi.

9. Sesorah ing dhuwur kagolong sesorah....

- a. ora resmi b. resmi c. pambukaan d. panutupan

10. Pidhato khanti ngapalake naskah luwih dhisik diarani....

- a. impromptu b. naskah c. ekstemporan d. memoriter

11. Yen arep pidhato, becike gawe....

- a. cengkorongan b. gagasan c. naskah pidhato d. struktur teks

- 12.



Aksara jawa kasebut ven ditulis latin dadi....

- a. Sardi lagi maca koran c. Sardi lagi maca buku
b. Pardi seneng maca koran d. Sarman lagi maca koran

13. Urutane sesorah kang bener yaiku....
a. salam pambuka, isi, purwaka, penutup
b. salam pambuka, isi, wigati, purwaka, penutup
c. pambuka, isi, purwaka, wigati, penutup
d. salam pambuka, purwaka, isi, penutup
14. Simbah seneng mangan tahu goreng
Yen ditulis nganggo basa karma yaiku....
a. simbah remen nedha tahu goreng
b. simbah remen dhahar tahu goreng
c. simbah seneng nedha tahu goreng
d. simbah seneng dhahar tahu goreng
15. Nalika maca sesorah, ekspresi sing bener yaiku....
a. cengengesan b. susah c. mesem d. ngguyu

II. Isenana ceceg – ceceg ing ngisor iki!

16. Anane globalisai iku gawe komunikasi tansaya gampang.
Dampak positif anane globalisasi yaiku....
17. Dikethok tambah dhuwur. Batangane cangkriman kasebut yaiku....
18. Buta buri, ... mlebu lori
Ukara kang mathuk kanggo njangkepi cangkriman wacahan kasebut yaiku....
19. Segara beldhes. Batangane cangkriman kasebut yaiku....
20. Cangkriman kang batangane “nanas” yaiku....
21. Lawa lima kalong telu, ana pira? Batangane yaiku ...
22. Kang perlu digatekake nalika sesorah yaiku....
23. Miturut swasanane, pidhato utawa sesorah kaperang dadi pidhato ... lan ...
24. Muji syukur ing ngarsaning Allah kalebu peranan ... pidhato
25. Gagasan baku sing kalebu peranan panutup pidhato yaiku ...

© DREAMWARRIOR.DEVIANTART.COM